

ANILE! Vaksen Boustè Klinik

Mèkredi k ap 22 Jen apati 6:00 p.m. jiska 8:30 p.m, n ap bay vaksen boustè pou COVID-19 nan kslinik ki nan Onley Community Health Center a.

Vaksen pou COVID-19

Vaksen COVID-19 ak rapèl yo gratis. Pa gen okenn kòb ou ap depanse pou w pran vaksen yo. Ou dwe pran yon randevou pou pran vaksen an. Ou pa bezwen te yon pasyan Rural Health pou pran vaksen an nan Rural Health. **Tout pasyan ki gen 5 an oswa plis ki kalifye; y ap ofri vaksen oswa boustè kòm yon randevou regilye.**

- **Kounyea vaksen Pfizer a aprouve pou timoun 5-11 an.** Pou kounye a, klinik Eastville ak Onley ap bay vaksen sa yo pou moun ki gen randevou sèlman. Pasyan Chincoteague yo ap jwenn randevou nan Atlantic. Y ap bay moun ki gen 5-11 an vaksen lè yo gen randevou oubyen si yo ta nan klinik lan pou yon lòt rezon medikal nan lè sa yo.

Atlantic—Lè Lendi 5 p.m. pou 8 p.m.

Eastville—Lè Madi 5:30 pm pou 7:30 pm

Onley—Lè Vandredi 9:00 am pou 10:40 pm

- Nou gen randevou pou tout moun ki vle pran vaksen kont Covid-19 la soti nan laj 5 an ou plis pou Pfizer e 18 Moderna.
- Dòz rapèl la disponib pou tout moun e ki te gentan pran 2em dòz vaksen Pfizer oswa Moderna a sa gen 5 mwa oubyen ki te pran vaksen. Ki gen 18 an ou plis (Moderna), Ki gen 5 an ou plis (Pfizer).
- Moun ki iminokonpwomi ka pran dòz rapèl la 3 mwa aprè 3^{em} doz la. (Moun ki iminokonpwomi resewa twa dòz, dòz rapèl la se yon 4^{em})

Ale sou [esrh.org](https://www.esrh.org) nan onglè COVID la epi swiv nouvel lokal yo pou jwenn mizajou. Klike sou non yon sant pou yon nimewo telefòn pou pran yon randevou pou pran vaksen an - rele ant mèkredi ak vandredi pou evite rete tann anpil tan nan jou lendi ak Madi: [Atlantic](#) – [Chincoteague](#) – [Eastville](#) – [Onley](#).

Tès Kominote pou COVID-19

Tès Regilye (PCR) pou Moun KI PAGEN SENTÒM:

- Tès gratis pandan w nan machin ou disponib **SI OU GEN RANDEVOU:**
 - LENDI & VANDREDI – kòmanse a 10 a.m. nan sant Eastville nou an.

- Nòmalmman rezilta yo vini nan 48-72 èd tan—N ap kontakte pasyan yo lè nou resevwa rezilta yo.

*tcheke vdh.virginia.gov/eastern-shore oubyen @EasternShoreHealthDistrict sou Facebook pou ou ka jwenn enfòmasyon ki pi ajou sou depatman sante a.

Tès Rapid pou Moun KI GEN SENTÒM COVID:

- Rele founisè ou.

Enfòmasyon enpòtan konsènan Kovid-19 pou pasyan Eastern Shore Rural Health System, Inc. yo

- Kòmanse 3 Janvyè 2022 jiska nou vèlòd, se pa mwayen telefòn/vidèyo n ap wè tout moun 5 an ou plis ki gen sentòm ki parèt anlè yo. Nou ka replen medikan w yo pandan vizit sa a. Nou toujou pran kopeman pou vizit sa yo. **OU DWE PRAN APÈL LA PANDAN OU NAN ETA VIRGINIA.**
- TOUT SÈVIS DANTAL toujou disponib nan sant nou yo ak lokasyon ki baze nan lekòl yo. Poutèt nou oblije pran plis prekosyon kont COVID, vizit yo pran plis tan e nou wè mwens moun nan yon jounen. Tanpri gade vidèyo sa a pou ou ka wè prekosyon nou pran. **Tanpri fè nou konnen si ou pap ka vini nan randevou w la.**
- Ou bezwen rele anvan pou ou ka wè doktè. Nou limite kantite moun ki antre nan bilding nan – gen kèk kondisyon n ap bay priyorite pou vin wè doktè an pèsòn.
- Vizit pa telefòn ak vidèyo toujou disponib. Ou ka tou mande replen medikaman w yo pandan ou nan vizit sa yo. Pasyan ki pa gen randevou medikal ka kontakte klinik lan pou yo ka replen medikaman yo.
- **Kòmanse 6 Jiyè** n ap rekòmanse bay SWEN DANTAL REGILYE POU ADILT nan klinik Atlantic, Franktown and Eastville yo. Akòz nouvo direktiv pou kontrole enfeksyon e akòz gen anpil randevou nou bezwen refè , **KANTITE RANDEVOU DISPONIB AP LIMITE.** Nou gendwa oblije fè yon randevou pa telefòn oswa vidèyo anvan ou jwenn yon randevou an pèsòn. Netwayaj dantal pou adilt ap disponib an Out. **TOUT SÈVIS** pou **TIMOUN** 6 mwa jiska 18 an disponib nan Lekòl Elemantè Metompkin ak Pungoteague yo. Ou kapab pale ak youn nan ijèn dantal nou yo si ou ta renmen pale soun kèk strateji ou ka itilize lakay ou jiskaske ou ka retounen nan youn nan ofis nou yo.
- Vin nan randevou w la poukont ou, AK TELEFÒN OU, paske ou gendwa bezwen ret tann nan machin ou. Nap byen kontan akeyi moun ki oblije vini ak yon pasyan pou sipò men yo ka mande yo pou yo rete tann nan sal datant lan oubyen machin yo si prezans yo pa nesesè pou tretman an. Yon sèl granmoun ap ka antre ak timoun yo.. **Tout pasyan dwe mete mask nan figi yo ki gen pasan zorèy.** Gen aranjman pou timoun ki twò piti pou mete mask oubyen moun ki gen yon rezon medikal oswa devlopmantral ki fè yo pa ka mete yon mask.